

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 KACINDEKAN

Dumasar kana hasil analisis data anu geus ditalungtik dina bab saméméhna, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Basa Sunda nya éta basa Indung urang Sunda anu dipaké kénéh ku masarakatna, boh di tatar Sunda boh di luareun tatar Sunda. Ragam hormat nya éta basa Sunda anu digunakeun ku urang Sunda pikeun silih ajénan. Ragam hormat dibagi jadi dua nya éta ragam hormat keur ka sorangan jeung keur ka batur.

Kamampuh ngagunakeun basa Sunda ragam hormat nya éta kamampuh ngagunakeun ragam basa anu merenah dina pagunemananu diluyukeun jeung kaayaan anu nyarita, anu diajak nyarita jeung anu dicaritakeun dina rupa-rupa situasi.

Métode sosiodrama nya éta salasihiji cara pangawasan bahan pangajaran ngaliwatan mekarkeun imajinasi jeung penghayatan siswa kana tokoh nu tangtu. Métode sosiodrama téh ngabogaan dua kalungguhan nya éta mangrupa métode pembelajaran jeung mangrupa alat diajar.

Sosiodrama dina métode pembelajaran luyu jeung anu dipiharep dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SK-KD). Dina prak-prakanana, guru ngutamakeun kaaktipan siswa dina lumangsungna proses pembelajaran. Ku kituna,

kalungguhan sosiodrama di dieu mangrupa salahsahiji metode pembelajaran anu di paké ku guru ngaronjatkeun sumanget di ajar siswa.

Sosiodrama mangrupa alat diajar lain ngan ukur keur hiburan. Sosiodrama téh bisa di paké pikeun alat bantu dina ngahontal tujuan pembelajaran nyarita ngagunakeun ragam hormat.

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekeun sakumaha ieu di handap.

TABÉL 5.1
KLASIFIKASI PEUNTEUN TINGKAT KAMAMPUH NYARITA RAGAM
HORMAT
HASIL KELAS EKSPÉRIMÉN JEUNG KELAS KONTROL

Skala Peunteun	Kelas Ekspérimen		Kelas kontrol		katégori
	Praté	Pascaté	Praté	Pascaté	
< 9	-	5	-	-	Alus Pisan
8	15	23	-	2	Alus
7	17	9	3	16	Cukup
6	5	-	14	8	Kurang
>5	-	-	20	10	Gagal
Jumlah	37	37	37	37	

Dina tabél di luhur jéntré pisan yén di kelas eksperimén, jumlah siswa anu meunang peunteun 9 katégori alus pisan dina hasil pratés teu aya nu meunang peunteun 9, hasil pascaté ngan lima urang. Anu meunang peunteun 8 katégori alus hasil pratés aya lima belas urang, sedengkeun hasil pascaté aya dua puluh tilu urang.

Anu meunang peunteun 7 katégori cukup hasil pratés aya tujuh belas urang, sedengkeun hasil pascaté aya salapan urang. Anu meunang peunteun 6 katégori kurang aya lima urang, sedengkeun hasil pascaté teu aya.

Dina kelas kontrol, jumlah siswa anu meunang peunteun 9 katégori alus pisan dina hasil pratés jeung pascaté teu aya nu meunang. Anu meunang peunteun 8 katégori alus dina hasil pratés teu aya nu meunang sedengkeun hasil pascaté ngan aya dua urang. Anu meunang peunteun 7 katégori cukup aya tilu urang, sedengkeun hasil pascaté aya genep belas urang. Anu meunang peunteun 6 katégori kurang aya opat belas urang, sadengkeun hasil pascaté aya dalapan urang. Anu meunang peunteun 5 ka handap katégori gagal dina hasil pratés aya dua puluh urang, sedengkeun dina hasil pascaté aya sapuluh urang.

Ku kituna dina ieu panalutikan katingali pisan, yén dina kelas ékspérimén peunteun hasil pratés jeung pascaté katingali ngaronjat pisan kamampuhna dina ngagunakeun basa Sunda ragam hormat lantaran anu meunang peunteun 8 tina lima belas urang ngaronjat jadi dua puluh tilu urang aya dina katégori alus (mampuh).

Kitu deui ogé dina kelas kontrol, tina hasil pratés jeung pascaté aya ronjatan. Tapi dina kamampuhna ngagunakeun basa Sunda ragam hormat masih kénéh aya dina katégori kurang mampuh lantaran dina tabél di luhur katingali anu meunang peunteun 6 lolobana. Tapi sanajan kitu aya ronjatan sanggeus ngayakeun hasil pascaté anu peunteun 6 tina opat belas urang jadi genep urang.

- a. Hasil pembelajaran kamampuh nyarita ngagunakeun basa Sunda ragam hormat

ngaliwatan métode sosiodrama;

Kelas anu ditalungtik pikeun ngumpulkeun data hasil diajar nyarita ngagunakeun

ragam hormat téh nya éta aya kelas kontrol jeung kelas éksperimén. Instrumén pikeun ngumpulkeun data dina kelas kontrol ngaliwatan dua rupa tés, aya pratés nya éta tés anu dilaksanakeun saméméh kagiatan pembelajaran jeung pascaté nya éta tés anu dilaksanakeun sabada pembelajaran. Wangun tés anu digunakeun mangrupa tés kaparigelan. Pikeun ngajén kaparigelan siswa dina nyarita ngagunakeun ragam hormat anu jadi data ieu panalungtikan, teu leupas tina aspék-aspék kaparigelan nyarita anu geus diébréhkeun saméméhna. Aspék aspék basa ngawengku unsur ucapan (artikulasi/lafal), lentong (tekanan, wirahma, randegan), aspék kadaling /ekspresi (ngajiwaan watek jeung réngkak), aspék eusi (ngajiwaan eusi jeung nafsirkeun eusi).

Skala anu digunakeun pikeun ngukur aspék kamampuh nyarita nya éta skala lima, skor pangluhurna tina unggal aspék nya éta salapan, sedengkeun skor panghandapna nya éta lima. Skor tina sakabéh aspék mangrupa skor atah atawa kotor, sedengkeun pikeun nangtukeun skor bersih atawa skor ahir ngagunakeun skala 100 kalawan rumusna saperti ieu di handap.

Skor Kahontal

Skor Bersih = $\frac{\text{Skor Kahontal}}{\text{Skor Ideal}} \times 100$

Skor Ideal

Tabel

Klasifikasi Persentase Tingkat Kamampuh Ngagunakeun basa Sunda Ragam Hormat

Kelas Ekspérimén Jeung Kelas Kontrol

Interval persentase tingkat kamampuh	Kriteria	Kelas ékspérimén				Kelas kontrol				Kategori
		pratés	%	pascatés	%	pratés	%	pascatés	%	
80-100%	Alus pisan	-		5	13,51%	-		-		Mampuh
60-79%	Alus	15	40,54%	23	62,16%	-		2	5,41%	
40-59%	Cukup	17	49,95%	9	24,32%	3	8,11%	16	43,24%	Can mampuh
20-39%	Kurang	5	13,51%	-		14	37,84%	8	21,62%	
0-19%	Gagal	-		-		20	54,05%	10	27,03%	
Jumlah		37	100%	37	100%	37		37		

b. Kaunggulan jeung kahéngkérann métode sosiódrama dina ngajarkeun basa Sunda ragam hormat

Dumasar kana hasil analisis di luhur, kaunggulan jeung kahéngkérann métode sosiódrama dina ngajarkeun basa Sunda ragam hormat téh geus dibéberkeun, ngan pedaran éta téh sacara teoritis. Di dieu baris dipedar ka unggulan jeung ka héngkérann éta métode sacara praktis, dumasar pamanggih salila panalungtikan.

1. Kaunggulan sosiódrama

aya sababaraha hal anu minangka mangrupa kaunggulan sosiódrama diantarana nya éta:

1. Bisa ngahudang sumanget diajar siswa
2. Ngawanohkeun siswa kana pasualan sosial

3. Méré kasempetan ka siswa pikeun diajar *transfer of learning*, tina pangaweruh kana maén peran, tina maén peran kana apresiasi atawa sabalikna
4. Ngalatih siswa pikeun ngagunakeun cara mikir éféktif tur inovatip
5. Bisa dikombinasikeun jeung tehnik séjén
6. Méré kasempetan ka siswa pikeun hubungan pribadi, digawé babarengan
7. Mangrupa metode anu ngarojong kana kurikulum KTSP

2 Kahéngkérann Métode Sosiodrama

Di sagigireun ka unggulan, métode sosiodrama ogé miboga sawatarana kahéngkérann, diantarana;

1. Sosiodrama teu ngajamin siswa dina prestasi
2. Sosiodrama bisa jadi teu mangpaat lamun siswa teu boga kasangtukung pangaweruh
3. Sosiodrama teu babari diramalkeun, sabab sosiodrama bisa méngkol jadi alat hiburan barudak
4. Jadwal anu geus ditangtukeun sakapeung teu dilakonon
5. Sosiodrama bakal pugag dina ngahual karep diajar siswa

Jadi, tina sakabéh data bisa dicindekeun yén métode sosiodrama téh luyu jeung Kurikulum Satuan Pendidikan (KTSP) alus pikeun diajarkeun ka siswa. Dumasar kana data di luhur, siswa leuwih paham jeung leuwih hadé peunteunna batan ngagunakeun métode séjén. Didieu siswa lain ngan saukur paham wungkul

kana ragam hormat tapi bisa ngapraktékeun dina nyarita ngaliwatan métode sosiodrama siswa leuwih mampuh ngaguankeunana.

5.2 SARAN

Dumasar kana kacindekan hasil ieu panalungtikansakumaha di luhur, diajukeun saran-saran saperti ieu di handap.

- a. Hasil panalungtikan némbongkeun yén pembelajaran nyarita basa Sunda ngagunakeun ragam hormat ngaliwatan métode sosiodrama lumangsung kalawan hadé. Maksudna, siswa diajar kalawan soso-soso sarta sumanget, hasilna ogé nyugemakeun.
- b. Guru dipiharep leuwih mindeng ngagunakeun ieu métode dina pembelajaran, lantaran ieu métode téh bakal méré hasil pembelajaran nu leuwih nyugemakeun.
- c. Pikeun ngungkulan kahéngkérana, dipiharep guru bisa ngamotivasi murid anu éraan sarta diperedih kaparigelan pikeun ngungkulanana.
- d. Kamampuh siswa dina nyarita ragam hormat geus kaitung alus, ngan dina ngajiwaan jeung réngkak/peta masih kénéh kurang. Siswa masih kénéh mindeng salah dina ngajiwaanna. Hal ieu ngaganggu kana kamampuh nyarita anu séjénna. Ku lantaran kitu, guru dipiharep leuwih merhatikeun kana ieu aspék hususna dina pembelajaran nyarita.
- e. Perlu ayana lujuning laku tina ieu panalungtikan, upamana ngeunaan pembelajaran aspék kaparigelan basa séjénna.